# QARAQALPAQ JÍRAWLARÍNDA USTAZ-ShÁKIRT DÁSTÚRI
## (Qıyas jıraw mısalında)

**Yaxiyayeva Shaxnoza** – *erkin izleniwshi*
Shaxnozayaxiyayeva97@gmail.com
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim izertlew inistitutı*

## ПРЕЕМСТВЕННОСТЬ ТРАДИЦИИ «УСТАЗ-ШАКИРТ» У КАРАКАЛПАКСКИХ ЖЫРАУ
## (на примере Кыяс жирау)

**Яхияева Шахноза** - *самостоятельный исследователь*
*Каракалпакское отделение Академии наук Республики Узбекистан*
*Каракалпакский научно-исследовательский институт гуманитарных наук*

## THE "USTAZ-SHAKIRT" (MASTER-APPRENTICE) TRADITION IN KARAKALPAK JIRAUS
## (on the example of Qiyas jirau)

**Yaxiyayeva Shaxnoza** – *researcher*
*Karakalpakstan Branch of the Academy of Sciences of the Republic of Uzbekistan*
*Karakalpak Research Institute of the Humanities*

**Tayanch so‘zlar:** qoraqalpoq jirovi, doston, qobiz, ustoz-shogird, fotiha, Qiyos jirov, Jaqsiliq jirov, an’anaviylik, jirovchilik maktabi.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq jirovchilik san’atidagi ustoz-shogird an’analari Qiyos jirov Qayratdinov hayoti va ijodi misolida tadqiq etilgan. Maqolada bo‘lajak jirovlarning ustoz tanlash mezonlari, ta’lim olish jarayoni va jirovchilik san’atining cho‘qqisi hisoblangan «fotiha berish» marosimining ijtimoiy-madaniy ahamiyati tahlil qilingan.

**Ключевые слова:** каракалпакский жырау, дастан, кобыз, учитель-ученик, патия (благословение), Кыяс жырау, Жаксылык жырау, традиционализм, школа жырау.

**Резюме.** В статье исследуются традиции «учитель-ученик» в каракалпакском искусстве жырау на примере жизни и творчества Кыяса жырау Кайратдинова. Анализируются критерии выбора наставника будущими сказителями, процесс обучения и социокультурная значимость обряда «патия» (благословение), который считается кульминацией становления жырау.

**Key words:** Karakalpak zhyrau, dastan, kobyz, master-apprentice, patia (blessing), Qiyas zhyrau, Zhaksylyk zhyrau, traditionality, zhyrau school.

**Summary.** The article examines the "master-apprentice" traditions in the Karakalpak art of zhyrau, focusing on the life and creative path of Qiyas zhyrau Kairatdinov. It analyzes the criteria for choosing a mentor, the educational process, and the socio-cultural significance of the "patia" (blessing) ceremony, which is regarded as the pinnacle of becoming a professional storyteller.

**Kirisiw.** Hár bir xalıqtıń tarıyxı, tili, dini, mádeniyatı hám xalıq awızeki dóretpeleri sol xalıqtıń óz aldına jeke millet ekenligin dálilleydi. Eger qanday da bir xalıqtıń mádeniyatı, ádebiyatı hám tili bolmasa, ol xalıqtıń keleshegi de joq degen sóz. Ótmishten saza bergen jırawshılıq óneri túrkiy xalqılardıń, sonıń ishinde qaraqalpaq xalqınıń turmısındaǵı barlıq quwanıshlı hám qayǵılı kúnleriniń gúwası bolıp kelgen. Tamırı tereń dáwirlerden baslanatuǵın jırawshılıq óneri, xalıqtıń ruwxıy dúnyasın bayıtıwshı, estetikallıq zawıq baǵıshlawshı teatr, tarıyx, etnografiya hám tárbiya mektebi xızmetin atqarǵan.

Jırawshılıq óneriniń tiykarǵı atqarıwshıları bolǵan jırawlar haqqında N.Dáwqaraev tómendegishe pikir bildiredi: “Qaraqalpaq tilinde awız ádebiyatın, qaharmanlıq dástanlardı jırlawshılardıń eń baslısı jıraw dep ataladı. Jıraw – jır degen sózden kelip shıqqan” [1].

Sonday-aq, folklortanıwshı alım Q.Ayımbetov jıraw tulǵasına tómendegishe anıqlama beredi: “Jıraw qolına qobız alıp, xalıqtıń mádeniy miyrası bolıp tabılatuǵın dástanlardı, tarıyxıy jırlardı jırlap, jıynalǵan kópshilikke tamasha kórsetiwshi, óz zamanınıń arzıw-ármanların jetkeriwshi, qobız saz áspabı menen awızeki ádebiyatı úlgilerin – naqıl, úgit-násiyat sózlerdi, tolǵaw hám termelerdi násiyatlawshı sóz sheberi, talant iyesi, xosh hawaz dawıslı sázende” [2].

Haqıyqatında da, jırawlar xalıq jıynalǵan ortalıqta dástan, ertek hám terme-tolǵawlardıń syujetin sol dáwirdegi xalqıń arzıw-niyetleri hám sociallıq ádalatsızlıqlar menen baylanıstırıp otırǵan. Dástan kompoziciyası qalay rawajlanıwına qaramastan, sońı jaqsılıq penen juwmaqlaǵan. Qaraqalpaqlar arasında jırawshılıqtı tiykarǵı kásibine aylandırıp, el aralap, xalıqtıń alǵısı menen húrmetine bólengen jırawlar júdá kóp bolǵan. Jırawlar repertuarlarınıń bizge shekem jetip keliwinde, jırawshılıq mektebiniń, ustaz-shákirt dástúriniń ornı ayrıqsha.

“Qaraqalpaq jırawları ózine ustaz tańlawda úlken izleniw, tańlaw basqıshınan ótken. Hár bir dástan barlıq jırawda birdey emes. Mısalı, “Alpamıs” Nurabulla jırawda kúshli shıǵadı. Dástandı úyrenbekshi bolǵan jas jırawlar óziniń tiykarǵı ustazına qosımsha qaysı dástandı kúshli atqarǵan jırawlarǵa barıp, sol dástanlardı úyrenip, atqarıw sheberligin jetilistirip otırǵan” [3].

“Jáne jırawshılıq ónerge talpınǵan adamlar ataqlı, aytqısh jırawlarǵa shákirt bolıwdı árman etken. Jırawlar mine usınday intalı adamlardan óz dógeregine shákirt toplaǵan” [2:1].

**Metodologiyalıq usıl:** Qıyas jıraw Qayratdinov jırawshılıqqa qızıǵıp jırawlardı tıńlap kórip ózine maqul jırawlarǵa shákirtlikke qabıllanǵan, sońǵılıǵında el-xalıq súyip tıńlaytuǵın jırawlar dárejesine kóterilgen jırawlardıń biri.

Jıraw balalıq waqıtlarınan baslap qaraqalpaqtıń sol dáwirdegi ataqlı jırawları Nurabulla, Dilim, Páleke, Seyfulla, Ábdirásúwli, Erpolat jırawlardı bir neshe ret tıńlaǵan. Qıyas jırawǵa atı keltirilgen ustaz jırawlardıń ishinde Nurabılla menen Ábdirásúwlı jırawlardıń atqarǵanı qattı unaydı. Jırawshılıq ónerine shın ıqlas penen kewil qoyǵan Qıyas: «Sol jılları Shımbay átrapında jırawshılıq etetuǵın Írısnazar jırawdı 5 ret, Ábdimurat shala degen jırawdı 16 ret, Ismayıl degen jırawdı 5 ret, Izimbet degen jırawdı bir neshe ret tıńlaǵan» [4] hám olardan jırawshılıq óneriniń sırların úyrengen, jırawlardıń qaysısı joqarı dárejede sheber atqaratuǵınlıǵın, qaysı dástannıń qay jeri qalay jırlanatuǵının kórip analizlep otırǵan.

Qıyas elge belgili jırawlardıń ishinen, dáslep Ábdirásúwli jırawǵa shákirt bolıw ushın keledi «Ábdirásiwli jıraw men úyimde bolmayman, seniń minetuǵın atıń joq, úyimde sen islep júrgendey jumıs ta joq, shákirtliktiń reti bolmas dep qaytarǵan» [4:1]. Solay bolsa da, ol Ábdirasúwli jırawdan úyreniwdi toqtatpaǵan, bul haqqında professor Q.Ayımbetov: «Ábdirasúwli jıraw qay toyǵa barsa, Qıyas ta izinen izlep barıp, onıń jırlaǵan dástanın tıńlaydı» [2:2], - dep jazǵan.

Ol zamanlarda shákirtlikke túsken adam ustazınıń qasında kúni-túni bolatuǵın, nan-suwına qaraytuǵın, úy jumıslarına qarasatuǵın, toy-merekege barǵanda atınıń jemin, suwın berip tayarlap qoyatuǵın bolǵan.(Búgingi kúndegi artistlerdiń administratorı xızmetin atqarǵan). Bunnan soń Qıyas Erpolat jırawǵa barıp niyetin bildirgen, ol «Áwere bolma shıraǵım usı jerde birew dıyqan tappay otır, soǵan dıyqan bolıp jallanaǵoy balam» [4:2], – dep qaytaradı. Biraq, hár tárepleme tosqınlıqlarǵa qaramastan (Qıyasqa 75 jastaǵı ákesi Qayratdin jırawshılıq etiwine qarsı bolıp qolındaǵı qobızın otqa taslaydı. "Aytqanımdı tıńlamasań bul úyden ket, meniń perzentim emesseń, qosıq aytqandı qoyasań" degen qattı talap qoyadı) [4:3]. Biraq ákesiniń qarsılıǵına qaramay Qıyas óziniń súygen kásibin taslamay, úyinen shıǵıp ketip, jırawshılıq penen shuǵıllanadı.

Sońında Qıyas Seyfulla jırawǵa keledi, ol Qıyastı jırlatıp kórip "Qıysıq aǵash tezge salmay dúzelmeydi. Íqlassız is pitpeydi. Talabıń jaman emes shıraǵım" dep jırawshılıqtıń sırların úyretip baslaydı. Seyfulla jırawdan jigirma kúnniń ishinde 22 nama hám 12 bántli terme-tolǵawlardı, dástanlardı úyrenedi. Soń Seyfulla "Qolıń dúzelip, namalarıń sazlasıp qaldı. Endi maǵan 18 jıl shákirt bolǵan Begmurat degen shákirtim bar. Soǵan bar, kemisin sol úyreter" [4:4], - dep ruqsatın beredi.

Ulıwma aytqanda Seyfulla jıraw jas jırawdıń kewlin jıqpastan shákirtlikke alıp qolınan kelgenlerdi úyretiwi sol dáwirde Qıyas jırawdıń jırawlıq talantınıń qáliplesiwine járdem beredi.

Soń Qıyas jıraw Begmurat jırawǵa shákirt bolıp onnan "Alpamıs", "Edige", "Súyinbek" dástanların úyrengen. Qaraqalpaq xalıq jırawı Baqbergen Sırımbetovtıń aytıwınsha "Qıyas jırawdıń ustazı Begmurat jıraw ózi bilgen dástanlardı úyretip bolǵan soń endi siz jıraw dárejesine jettińiz dep pátyasın bergen hám sol waqıtta qobız sawǵa etken. Bul 1928-jılı bolǵan dep shamalaydı. Sebebi, Begmurat jırawdıń sawǵa etken qobızına arab alfavitinde qashaw menen "Qıyas Ǵayratdinov 1928-jıl" dep jazılǵan" [5].

Qıyas jırawdıń Bekmurat jırawǵa shákirt bolıwında Q.Ayımbetov tómendegishe maǵlıwmat keltirip ótedi: "Qıyas jıraw Shımbaydıń arqa tárepinde "Aq qala" degen mákanda jasaytuǵın Bekmurat jırawǵa shákirt bolıp izine eredi" [2:3], – dep keltiredi. Qaraqalpaq jırawlarında Bekmurat degen jıraw ekew bolǵan. Biri Buxara qaraqalpaqları arasındaǵı elge tanımalı Bekmurat Jorabaev bolsa, ekinshisi Shımbaydıń arqa tárepinde jasawshı Bekmurat jıraw.

**Nátiyje.** Jıraw B.Sırımbetov ol dáwirdegi ustazdıń shákirtke pátiya beriw dástúri boyınsha bılay deydi: "Qaraqalpaq jırawlarınıń shákirtlerine pátiya beriwi úlken dástúr bolǵan. Sol waqıtlarda jıraw kóp jıllar xızmetinde bolǵan (shákirt ustazınıń úyinde balasınday bolıp, barlıq úy xızmetin etken – Ya.Sh.) shákirtine ózi bilgen dástanlardıń barlıǵın úyretip bolǵan soń, xalıqtıń aldına shıǵıwǵa tayın ekenligine anıq isengennen keyin jırawdıń ózi barǵan bir toyda, xalıq jıynalǵan jerde, xalıqtıń aldında pátiyasın beretuǵın bolǵan. Ol waqıttaǵı pátiya beriw búgingi kúndegi bakalavr, magistr hátteki doktarantura diplomı dárejesine teń bolǵan. Pátiya alǵannan soń jıraw jeke ózi el aralap, toylarǵa shaqırılatuǵın bolǵan" [5:1]. Qıyas jırawda usınday xalıq dástúri tiykarında ustazları Seyfulla, Begmurat jırawlardan pátiya alıp xalıqqa tanılǵan jıraw bolǵanlıǵı belgili.

Jırawlar arasında pátiya alıw dástúri jırawshılıq óneriniń eń kulminaciyası bolǵan. "Shákirt ustazdan pátiya alıp, jaqsı tilegi hám ruxsatı menen jırawshılıq etiwdi baslawı shártli túrde dástúriy jol esaplanǵan. Al elde ustazınan pátiya almay, óz aldına jırawshılıq etken jaslardı xalıq "shala jıraw" dep ataǵan hám "ustaz kórmegen" dep minegen" [6].

Qaraqalpaqstan xalıq jırawı Baqbergen Sırımbetovtıń maǵlıwmat beriwine qaraǵanda ekinshi jáhán urısı jılarındaǵı qıyınshılıqlar hám sol dáwirdegi ideologiyalıq qısımlar sebepli eldegi jıraw, baqsılarǵa, olar jırlaǵan ayırım dástanlarǵa bolǵan nadurıs ideologiyalıq siyasat sebepli 1955-jılǵa shekem Qıyas jırawdıń izine erip jırawshılıq sırların úyrenetuǵın shákirti bolmaǵan. "Qıyas jıraw Qayratdinov ómiri dawamında eki shákirt tayarlaǵan. Olardan jas jıraw Táńirbergen, shákirtlikke kelip jırawshılıq sırların tolıq úyrenbey turıp 1960-1970-jıllarda ákesi eski sawatı bar, mollashılıqtan xabarı bar adam dep quwdalawshılıqqa ushırap Túrkmenstanǵa kóship ketedi" [5:2]. Búgingi kúnde Táńirbergen jırawdıń keyińgi ómiri, jırawshılıq ónerin dawam etkenligi, perzentleri barma degen sorawlarımız juwapsız qaladı. Bul haqqqında bizde hesh qanday maǵlıwmat joq.

Jırawshılıq sırların Qıyas jıraw Qayratdinovtan tolıq úyrengen, ustaz-shákirt dástúrine tolıq ámel etip bir dástandı basınan aqırına shekem tolıq úyrenip jırlaǵan, pátiya alǵan, ustazınıń atın tanıtqan shákirti Jaqsılıq Sırımbetov boldı. Jaqsılıq jırawdıń Qıyas jırawǵa shákirtlikke túsiwi, jırawshılıq sırların úyreniwi haqqında shákirti hám perzenti, búgingi kúnde belgili xalıq jırawı Baqbergen Sırımbetovqa yadında qalǵanların tómendegishe bayanlap bergen: "Qıyas jırawdıń bizge ákemniń (Sırımbettiń anası tárepinen) dayı tárepinen jaqınlıǵı bar edi. Ákem Qıyas jırawǵa jolıń túsip Shımbayǵa kelseń úyimizge kelmey ketpe, túndi aldıńa salıp sapar shekpe, bir aqsham miyman bolıp tań atqannan soń keterseń deytuǵın edi. Shımbayda toylarǵa Qıyas atam ayttırılatuǵın bolsa men izinen qalmay erip dástan tıńlaytuǵın edim. Bala waqtımnan jırawshılıqqa qızıqqanım sonshelli dástan baslanıwında qurda otırǵan bolsam, tańǵa jaqın dástan

tamamlanıwına shamalasqanda ısırılıp, jırawdıń aldına qalay kelgenimdi bilmey, jatıp tıńlaytuǵın edim” [5:3], – dep aytatuǵın edi.

Qıyas jıraw ózinen aldıńǵı jırawlardıń pátiya beriw dástúrine muwapıq, óziniń úyrengen dástanların, terme-tolǵawların úyretip bolǵannan soń shákirti Jaqsılıq jırawǵa pátiya beredi. Bul haqqında Baqbergen Sırımbetov tómendegishe maǵlıwmat keltirdi: “Qıyas atam Jaqsılıq jırawǵa endi sen tolıqlay jıraw boldıń, toylarǵa, xalıqtıń aldına shıǵıp dástan atqarıwıńa boladı dep pátiya bergen. Usı pátiya bergen ornı Shımbaydıń Qumdaǵı awıl, házirgi Shımbayǵa jetpey Aqımbet baqsı maqbarasınıń kún batar tárepinde 1965-jılı toyda xalıqtıń aldında, qurda pátiyasın bergen” [5:4]. Ol dáwirde ustazdıń shákirtke qobız beriw dástúri eki túrli bolǵan. Ayırım jırawlar qobızın Bekmurat jıraw sıyaqlı óz shákirtine jırawshılıqtıń sırların tolıq úyretip bolǵannan soń beretuǵın bolsa, ayırım jırawlar shákirtlikke qabıllap, jırawshılıqtı úyretiw processinde beretuǵın bolǵan. Bul haqqında Q.Ayımbetov: “Aradan jıllar ótkennen keyin jıraw-bolajaq shákirtine qobız dúzettirgen, ya bolmasa ólip ketken ustazınan qalǵan miyras qobızın sıylıqqa bergen. Shákirtke miyras qobızdı tapsırıw úlken saltanat penen adamlar aldında ótetuǵın bolǵan. Bul nárse shákirttiń ómirinde eń quwanıshlı waqıya bolıp esaplanǵan” [2:4].

Jaqsılıq jıraw ustazı Qıyas jırawdan “Alpamıs”, “Edige” dástanın hám 30 dan aslam nama, 30 dan aslam terme-tolǵaw, 30 dan aslam aqıl-násiyat qosıqların úyrengen. Bul terme-tolǵaw, aqıl-násiyat sózlerin toylarda, dástanǵa túspesten aldın, jırlaǵan jáne koncertlerde, anjumanlarda atqarıp júrgen.

Jaqsılıq Sırımbetov ustazı sıyaqlı elge belgili jıraw bolıp 1982-jılı avgust ayında “Qaraqalpaqstan xalıq jırshısı” ataǵı menen 1993-jılı “Ózbekstan xalıq hofizi” degen joqarı sıylıqlar menen sıylıqlanǵan.

**Dodalaw.** 1980-1990-jıllarda elimizde bir qansha siyasyiy waqıyalar júz berdi. Shet ellerden hár qıylı jańalıqlardıń kirip keliwi, rawajlanıwlardıń bolıwı menen xalqımızdıń shet el mámleketleriniń úrip-ádetine, kiyiniwine, dástúrlerine eliklewi, ózimizdiń milliyligimizdi, sonıń ishinde jırawshılıǵımızǵa nemquraylıq penen, hátte, eskiliktiń qaldıǵı sıpatında qaraytuǵın insanlar toparı payda boldı. Bul áyyemnen kiyatırǵan jırawshılıq óneriniń atqarılıwına hám dawam etiwine tosqınlıq jasadı hám de orınlarınıń, ustaz-shákirt dástúriniń ózgeriwine sebep boldı. Zamannıń qısıwmetine qaramastan ullı jırawlarımız tárepinen neshe jıllardan berli kiyatırǵan jırawshılıq ónerin saqlap qalıw baslaması menen shıqqan Maqset Kamalov muzıka mektebine 1992-jıl (sol waqıttaǵı muzıkalnıy uchilisshe) ustazlıq etiw ushın Jaqsılıq Sırımbetovtı shaqıradı. Sonnan Jaqsılıq jırawdıń shákirt tayarlawına imkaniyat bolıp Baqbergen Sırımbetov, Baxtıyar Esimbetov hám Islam sıyaqlı jas jırawlardı bizge tayarlap qaldıradı. Jaqsılıq Sırımbetovtıń perzenti hám shákirti Baqbergen Sırımbetov búgingi kúnde jırawshılıqtı rawajlandırıp 30 dan aslam shákirt tayarladı. Búgingi kúnimizge deyin jırawshılıqtıń jetip keliwinde Qıyas jıraw onıń shákirti Jaqsılıq jıraw onıń shákirti Baqbergen jırawlardıń ornı ayrıqsha.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda Qıyas jıraw Qayratdinovtıń ustaz-shákirtlik jolları qaraqalpaq jırawshılıq mektebiniń XX ásirdegi evolyuciyasın kórsetiwshi klassikalıq úlgi bolıp tabıladı. Bul dástúrlilikti saqlap qalıw hám ilimiy izertlew keleshek áwladqa milliy identifikaciyanı jetkeriwde strategiyalıq áhmiyetke iye.

## Ádebiyatlar


1. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. ИИ том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1968.
3. Бахадырова С. Қарақалпақ қандай халық десеңиз? – Ташкент: «Навруз», 2017.
4. Мақсетов Қ. Қарақалпақ жыраў-бақсылары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1983.
5. Автордың дала жазыўлары. Информатор Бақберген Сырымбетов. – Нөкис қаласы, Көркем өнер ҳәм мәдeният қәнигелестирилген мектеби оқытыўшысы, 2024-жыл. 21.02.12:31.
6. Алламбергенов К., Палымбетов К. Қарақалпақ жыраўы: Устаз-шәкирт дәстүри. // Илим ҳәм жәмийет, №4, 2021. 100-102-б.